

PWEN ENPÒTAN KÒD ETIK KONTE MIAMI-DADE LA

**Komisyon Miami-Dade sou
Etik ak Konfyans Piblik**
H. Jeffrey Cutler, Prezidan
Nelson Bellido, Vis-Prezidan
Judith Bernier
Jan Jacobowitz
Lawrence Schwartz

19 West Flagler St., Suite 820, Miami, FL 33130
Telefòn: 305 579-2594
Faks: 305 579-0273
Liy Éd: 786 314-9560
ethics.miamidade.gov
ethics@miamidade.gov

Jose Arrojo, Direktè Egzekitif

RESPONSABILITE PRENSIPAL

Òdonans sou Konfli Enterè ak Kòd Etik la (Kòd Konte Miami-Dade la nan Sek. 2-11.1) tabli estanda minimòm kondit etik yo pou ofisyèl eli yo, anplwaye yo, manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyè yo nan Konte a ak nan minisipalite yo ak pou travayè sou kontra Konte a deziyen yo. Gen sèten egzijans ki gen dwa gen efè sou manm fanmi pwòch tou, ki defini kòm mari/madanm, moun ki plase, paran, boparan, pitit ak bofis/bèlfi. Ou dwe voye kesyon espesifik bay Komisyon sou Etik la.

Eksplwatasyon pòs ofisyèl. Yon moun pa kapab sèvi avèk pòs piblik li pou li jwenn privilèj espesyal oswa egzansyon pou tèt li oswa pou lòt moun.

Konfidansyalite. Yon moun pa kapab revele enfòmasyon konfidansyèl li resevwa nan kad pòs piblik li a.

Deklarasyon finansye. Ofisyèl eli yo, manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyè yo, sèten anplwaye ak pèsònèl sou kontra dwe soumèt deklarasyon finansye chak ane.

FIDELITE YON MOUN AK GOUVÈNMAN LI

Rekòmandasyon sèvis entèdi. Ofisyèl eli yo, anplwaye piblik yo ak manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyè yo pa gen dwa rekòmande sèvis yon lòt moun pou ede nan ankenn tranzaksyon ki gen pou wè avèk gouvènman li an.

Anplwa deyò dwe apwouve chak ane. Sipèvizè yo dwe verifiye anplwa deyò p ap jennen endepandans jijman yon anplwaye nan egzèsis fonksyon piblik li yo. Si li apwouve, anplwaye a dwe soumèt yon deklarasyon revni li fè nan anplwa deyò a chak ane.

KADO

Definisyon. Yon kado se nenpòt ki bagay ki gen valè benefisyè a pa peye pou li. Kòm egzansyon gen tikè oswa pas pou evènman, espektak ak gala charite, panye kado pou fèt, flè, lojman, repa, bwason, rabè oswa diskont, si yo pa ofri yo bay piblik jeneral la tou.

Kado ki entèdi. Ofisyèl eli yo, anplwaye piblik yo ak manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyè yo pa janm gen dwa mande ni aksepte kado ki fèt pou pèsyade yo pran (oswa pa pran) yon mezi ofisyèl oswa egzèsè (oswa pa egzèsè) yon fonksyon sèvis yo nan gouvènman an egzije.

Depans vwayaj. Vandè ak founisè sèvis yo pa gen dwa peye depans vwayaj ofisyèl eli yo ak anplwaye piblik yo. Abityèlman, sa gen ladan kou ki gen pou wè avèk transpò, lojman, repa, frè enskripsyon ak frè divès.

Kado ki akseptab, si yo deklare yo. Kado ki pa fèt pou enfliyans yon mezi ofisyèl epi ki pa depans vwayaj yon vandè gouvènman an peye, akseptab.

Si valè total yon kado nan men yon moun oswa yon antite depase \$100 pandan yon trimès almanak, kado a dwe deklare nan trimès apre yo resevwa li a.

Demann kado ki akseptab. Yo gen dwa mande kado si yo sèvi sèlman—

- pou gouvènman an okipe biznis ofisyèl oswa
- pou òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi, men sèlman si se komisè yo ak pèsònèl yo ki mande yo lè komisè yo ap pèsònèl yo pa resevwa ankenn peman pou demann nan.

🏠 MACHE PIBLIK

Kòn Silans la. Kominikasyon oral entèdi ant soumisyonè yo pou kontra Konte a ak fonksyonè ak anplwaye Konte a, depi nan moman yo anonse apèl dòf la jiskaske Administratè Konte a sòti yon rekòmandasyon ekri bay Konsèy Komisè Konte a. Gen anpil lòt dispozisyon ki gen pou wè avèk Kòn Silans la ou kapab jwenn nan Kòd Etik Konte a.

🏠 BIZNIS AVÈK GOUVÈNMAN AN

Anplwaye yo gen dwa fè biznis avèk gouvènman yo, endividyèlman oswa pase pa yon konpayi prive. Men pa avèk *depatman* anplwaye a, si anplwaye a oswa fanmi pwòch li gen enterè pwopriyete nan konpayi an.

Ofisyèl eli yo, administratè yo, chèf depatman yo ak avoka gouvènman lokal yo pa gen dwa fè biznis avèk gouvènman pa yo chak. Ni fanmi pwòch yo pa gen dwa fè biznis avèk gouvènman pa yo chak.

Manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyèl yo gen dwa fè biznis avèk gouvènman yo. Men pa pase pa yon konpayi kote manm komite a gen enterè pwopriyete, si komite manm nan gen kontwòl sou konpayi an.

Deklarasyon asosyasyon avèk biznis prive. Si fonksyonè ak anplwaye piblik yo, manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyèl yo oswa manm fanmi pwòch yo anplwaye nan yon fim prive ki gen gwo relasyon biznis avèk, oswa ki sou kontwòl, gouvènman pa yo chak, yo dwe deklare anplwa prive a.

Tranzaksyon avèk konpayi prive k ap fè biznis avèk gouvènman yon moun. Ofisyèl eli lokal yo ak pèsònèl yo, administratè yo, administratè adjwen prensipal yo ak chèf depatman yo gen dwa fè tranzaksyon biznis avèk konpayi prive sa yo, men nan kondisyon konkirans nòmal sèlman, menm jan ak nan tranzaksyon komèsyal ant pati egal.

Règ dezan an pou ansyen anplwaye antite prive yo. Anplwaye gouvènman yo pa gen dwa egzèsè fonksyon ki gen pou wè avèk kontra ki gen pou wè avèk ansyen anplwaye prive yo pandan dezan apati lè yo kite anplwaye sa a. Entèdiksyon an pa aplike pou administratè Konte oswa minisipalite ni pou direktè depatman acha yo.

Investisman pèsònèl konfliktyèl. Ofisyèl eli yo, manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyèl yo, anplwaye piblik yo ak travayè sou kontra ki deziyen yo *pa* gen dwa —

- gen investisman pèsònèl keseswa dirèkteman oswa pase pa manm fanmi pwòch ki ta kreye gwo konfli ant enterè prive yo ak enterè piblik la,
- patisipe nan ankenn mezi ofisyèl, keseswa dirèkteman oswa endirèkteman, ki gen pou wè avèk yon biznis kote yo oswa yon manm fanmi pwòch yo gen enterè finansye omwen 10%,
- achte enterè finansye nan yon antite keseswa dirèkteman oswa pase pa yon manm fanmi pwòch ki gen dwa benefisyè efè mezi ofisyèl yo.

🏠 LOBIYIS

Ofisyèl eli yo ak pèsònèl gouvènman an dwe detèmine si moun k ap chèche enfluyans yo anrejistre kòm lobiyis. Rankont avèk moun ki pa anrejistre entèdi.

Entèdiksyon sou fè lobi kot pwòp gouvènman pa ou. Ofisyèl eli yo, anplwaye piblik yo ak manm pèsònèl sou kontra ki deziyen yo pa gen dwa reprezante pati eksteryè devan gouvènman pa yo chak. Manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyèl yo pa gen dwa reprezante pati eksteryè kot komite pa yo chak.

Règ dezan an pou ansyen fonksyonè ak anplwaye yo. Fonksyonè ak anplwaye piblik yo pa gen dwa fè lobi ni parèt devan gouvènman pa yo chak pandan dezan apati lè yo kite sèvis piblik, sòf si se yon lòt gouvènman oswa yon antite ki pa gen bi fè pwofi oswa yon antite edikatif ki anplwaye yo.

🏠 KONFLI VÒT

Komisè ak manm konsèy. Ofisyèl eli yo pa gen dwa vote si *nenpòt* nan bagay ki annapre yo ta rive: vòt la t ap gen konsekans diferan pou yo pa rapò a konsekans pou piblik la an jeneral oswa vòt la t ap dirèkteman oswa endirèkteman gen konsekans sou yon moun yo gen sèten relasyon biznis avèk li.

Manm konsèy yo. Manm komite konsiltatif ak òganis kwazi-jidisyèl yo pa gen dwa vote si *toude* nan bagay ki annapre yo ta rive: Mezi konsèy yo a ap gen konsekans dirèk sou yo *epi* yo gen sèten relasyon biznis avèk moun oswa antite ki parèt devan konsèy yo a sou zafè a.